# QOL TOBI MENEN SHUĞILLANIWSHI JASLARDIŃ OQIW TRENEROVKALIQ ISKERLIGIN ASIRIWDIŃ PEDAGOGIKALIQ TIYKARLARI

**Najimov Kómekbay Ibragimovich**
*NMPI Sport pánleri kafedrası ağa-oqıtıwshısı*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15079247

***Gilt sózler:*** *qol tobı, dene tárbiya, sport, fizikalıq shınıǵıwlar, dene tárbiya sıpatları, epshillik, oyın, jas óspirimler, oqıw trenirovkalıq shuǵıllanıw, sport oyınları.*

***Annotaciya:*** *Jas qol tobı menen shuǵıllanıwshı sportshılardı proffesional sportqa baǵdarlaw, olardıń sheberligin asırıwda sport mekteplerdiń úlesi haqqında maǵlumatlar berilgen.*

Respublikamızda mámleketlik dárejede qabıl etilgen bir qatar párman, qararlar jaslar arasında sport oyınlarına bolǵan qızıǵıwshılıqtı arttırıw menen bir qatarda anaǵurlım dárejede wazıypalardı payda etedi. Keyingi jılları jaslarımız arasında ótkerilip atırǵan «Úmit nihollari», «Barkamol avlod», «Universiada» jarısları, sport oyınlarınıń jaslardı tárbiyalawdaǵı tutqan ornın jáne de ayqınlandıradı. Sonıń ushın da balalar sportı búgingi kúnde eń áhmiyetli mashqalalar qatarında bolıp esaplanadı. Sport mekteplerinde islewshi qániygeler, trener ustazlar, dene-tárbiyası muǵallimleri sport oyınları boyınsha tereń bilimli, tájiriybeli hám juwapkerli insanlar bolıwı kerek. Jas óspirimlerdiń sport mekteplerine baslanǵısh qádem taslawınan baslap, olardıń qatnasında ótkerilgen hár bir shuǵıllanıwlar, jarıslar belgili wazıypalardı sheship barıwı shárt.

Qol tobı Respublikamızda basqa sport túrleri menen bir qatarda keńnen rawajlanıwına baylanıslı bul sport túrine bolǵan qızıǵıwshılıq artıp barmaqta. Sport shólkemleri eń aldı menen balalar sportınıń rawajlanıwı menen támiynlengen bolıwı kerek. Balalar sport mektepleri ózine say qániygeler, úskene, maydansha hám zallar menen támiynleniwi, olar ushın zárúr bolǵan ádebiyatlar, kórgizbeli qurallar hám xújjetlerdiń baspadan shıǵarılıwı hár bir sport túriniń bunnan bılay da rawajlanıwına óz úlesin qosadı. Keyingi jıllarda kóplegen sport túrleri boyınsha komandalar quramı jaslar menen tolıqtırılıwı yaki sport qániygeliginiń erte baslanıwı, keleshekte joqarı sport nátiyjeligine erisiwge tiykarlanadı. Balalar sport mekteplerinde baslanǵısh tayarlıq hám oqıw trenirovkalıq toparlar dúziledi. Keyin ala jas sportshılardıń tayarlıǵınıń artıp barıwına baylanıslı jetilistiriw toparları dúziliwi múmkin.

Mámleketimizde dene tárbiyası hám sportqa úlken jámiyetlik-siyasiy áhmiyetke iye bolıp sport penen shuǵıllanıw tek ǵana jaslardıń emes, al jámiyettiń de aldına wazıypalardı qoyadı.

Baslanǵısh tayarlıq toparlarınıń specifikalıq wazıypası: sport túri menen shuǵıllanıwǵa aktiv qızıǵıwshılıqtı tárbiyalaw, shuǵıllanıwshılardıń fizikalıq uqıplılıǵın kompleksli rawajlandırıw bolıp esaplanadı.

Durıs shólkemlestirilgen sport penen shuǵıllanıwlar deneniń barlıq funkciyalarınıń jetilistiriliwine járdemlesedi. Dene tárbiyası hám sport boyınsha qabıl etilgen qararlardı ámelge asırıw, balalar sport shólkemleri mekemeleriniń jumısın jaqsılawdı, balalar sport lekciyaların oqıw processiniń sapasınıń artıwın talap etedi. Bul wazıypalardı sheshiwge baǵdarlanǵan eń áhmiyetli ilajlardıń biri, hár qıylı sport túrleri boyınsha oqıw jumısın nátiyjeli shólkemlestiriw bolıp esaplanadı. Usı maqsetti ámelge asırıwda qol tobı sportında da jas óspirim sport mekteplerine arnalǵan baǵdarlamalar usınıs etilgen.

Oqıw trenirovkalıq shuǵıllanıwshılardı shólkemlestiriw, bunnan basqa balalar arasında mádeniy-massalıq jumıslardı shólkemlestiriw balalar menen islesiw tájiriybesine iye qániygeli ustazlarǵa júklenedi. Oqıw trenirovkalıq shuǵıllanıwdıń mazmunı baǵdarlama talaplarına juwap beriwi kerek. Qol tobı sportınıń baslanǵısh toparındaǵı shuǵıllanıwshılar, joqarı dárejeli gandbolshılarǵa erisiwi ushın belgili maqsetke erisiw kerek boladı. Alǵa qoyılǵan maqsetke erisiw bir qatar anıq dárejedegi baslanǵısh sebeplerden ǵárezli boladı:

- qol tobı menen shuǵıllanıwǵa tańlap alınǵan balalardan;
- trenerlerdiń tayarlıq dárejesinen;
- materiallıq-texnikalıq bazanıń bolıwınan;
- barlıq pedagogikalıq processti baslanǵısh shólkemlestiriwdiń joqarı sapasınan;

Tayarlıq processi baslanǵısh tańlap alıwdan baslap sport iskerliginiń juwmaqlanıwına deyingi kóp jıllıq aspektte qaraladı.

Baǵdarlama oqıw-trenirovkalıq processti jobalastırıwdı bunnan bılayda jaqsılaw maqsetinde, sonday-aq balalar sport mektepleri jumısın jaqsılaw maqsetinde dúziledi. Balalar sport mektepleri ushın dúzilgen qol tobı boyınsha baǵdarlama maqset hám wazıypalardıń bolıwın, tayarlıq bólimleri boyınsha materiallar (fizikalıq, texnikalıq, taktikalıq, oyın) tayarlıq quralları, tekseriw normativler hám shınıǵıwlar sisteması, tárbiyalıq máresimler sistemasınıń bolıwın kózde tutadı.

Mektep dástúrinde sport oyınları (futbol, voleybol, qol tobı hám basketbol) tiykarınan jas ózgeshegine qarap alıp barıladı. Balalardıń jas ózgesheligine, organizminiń fiziologiyalıq ózgesheligine qarap sport oyınları kishi mektep jasındaǵı oqıwshılarǵa háreketli (voleybol, futbol, qol tobı, basketbol) oyınlardı texnikalıq priemların qollanıw nátiyjesinde alıp barıladı. Bul jastaǵı balalarda sport oyınlarınıń túrlerine qaray qızıǵıwshılıq oyatıw ushın sabaqtı qızıqlı etip alıp barıw kerek.

Mekteplerde sport oyınların alıp baratuǵın sekciyalar islep turıwı kerek. Bul sekciyalarǵa mekteptiń sportshı balaları qalnasıp olar rayon, qala, Respublika yaki Mámleketlik jarıslarǵa qatnasıp barıwlarına boladı. Ózbekstan Respublikası ǵárezsizlikke eriskennen soń ótken dáwir ishinde jas áwladtı tárbiyalawda, olardı watan qorǵawshıları etip dáwjúrek, márt, márdana ul-qızlar etip tárbiyalawda bir qansha is tádbirlar alıp barılmaqta. Balalar salamat jurttıń keleshegi ullı. Bul sózler biykarǵa aytılmaǵan, yaǵnıy salamat áwlad bul Watan qorǵawshılar, salamat áwlad bul naq pikir júrgizetuǵın aqıl-parasatlı, bilimli, erteńgi kúnge isenim menen qaray alatuǵın ullı el perzentleri bolıp jetilesedi.

Sporttıń qaysı túri bolsa da, sonıń ishinde qol tobı da, barlıq insan den sawlıǵınıń girewi. Kesel adamdı emlew ushın ketetuǵın qarajetten gore sportqa jiberiletuǵın qarajet anaǵurlım az boladı hám sporttıń ózi de tabıs keltiriwi múmkin. Sonı túsingen dúnya elleri is júzinde sportqa júdá kóp kewil bólmekte. Dúnyada sportshıları joq mámleketlerdiń ózi joq. Biziń Watanımızda da sońǵı jılları joqarıda aytqanımızday, sportqa júdá jaqsı kewil bólingen. Radio hám telekórsetiwlerde sport haqqında informaciyalar kúnde berilip, kórsetilip barılmaqta.

Arnawlı shınıǵıwlardı tańlap alıwda oyın waqtında jiyi ushırasatuǵın aldamshı háreketler dizbeklerin saylap alıw kerek hám trenirovkalıq shuǵıllanıwlarda olarǵa kóbirek dıqqat awdarıw usını etiledi.

Onday háreketlerge tómendegiler kiredi:

- shep tárepke hújim etiwge eliklewshi topsız hújimshi háreket baǵdarın jedel ózgertip oń tárepke ketedi;
- hújimshi toptı uzatıwǵa eliklewshi háreket jasaydı;
- top ılaqtırıw háreketine eliklew, toptı ılaqtırıw;
- hújimshi toptı ılaqtırıw háreketine eliklep, qaptaldan ótedi;

Aldamshı háreketlerdiń nátiyjeliligin sol háreketlerdi jasawda mimika, dawıs, háreket ritminiń tez ózgertiw járdeminde erisiwge boladı. Aldamshı háreketlerdi orınlawda shuǵıllanıwshılardın toptı iyelep alıw hám onnan sońǵı háreketlerinde toptı baqlawsız háreket etiwine erisiw talap etiledi. Aldamshı háreketlerge úyretiw hám jetilistiriw processinde usı háreketlerdiń isenimli ornılanıwına ayrıqsha kewil bóliw kerek. Háreketlerdiń jemisli orınlanıwına arnawlı shınıǵıwlardı tańlap alıw arqalı hám shuǵıllanıwdıń hár qıylı bólimlerinde olardı paydalı qollanıwdıń nátiyjesinde erisiw múmkin. Mısalı, komandanıń tayarlıq shınıǵıwları waqtında mınaday eliklewshi shınıǵıwlardan paydalanıwǵa boladı: toptı gewde dógereginde aylandırıw; toptı ayaqlar arasında alıp júriw; top uzatıw hám ılaqtırıw háreketlerine eliklew;

baǵdar hám háreketlerdi ózgertip juwırıw; toptı stoykalar arasınan aydap juwırıwlar h.t.b.

Aldamshı háreketlerdi bekkemlew hám jetilistiriw toparlarda óz-ara baylanıslılıqtı qáliplestiriwde iske asırıwımız kerek. Arnawlı shınıǵıwlardı tańlap alıwdaǵı qıyınshılıqlar eń aldı menen bir shınıǵıw ishinde oyınshınıń orın almasıwı, háreket ritmin hám baǵdarınıń ózgeriwi, oyınshınıń toptı iyelewdegi erkin háreket etiwine baylanıslı bolatuǵınlıǵın biliwi zárúr.

Aldamshı háreket tańlawda hám onıń orınlaw usıllarında, hár bir oyınshınıń morfo-funkcionallıq múmkinshilikleri menen anıqla-natuǵın ózine tán uqıplılıqlar bar ekenligin yadtan shıǵarmaw kerek.

Juwmaqlap aytqanda, fizikalıq mádeniyat hám sport qániygesin tayarlawda professional dárejede óz betinshe bilimin jetilistiriw uqıbın eń birinshi orınǵa qoyıw kerek. Úyrengen bilimlerin jańalap hám bayıtıwǵa bolǵan talpınıwdı tárbiyalaw kerek. Qabıl etilip atırǵan qararlar, qániygege baylanıslı túyinli (múshkilli aktual) áhmiyetli máseleler átirapında ayqınlastırılıwı kerek. Hár bir tárbiyashı, oqıtıwshılar háreketli oyınlardı tolıq biliwi shárt hám oyınlar arqalı balalardı sport oyınlarında shıdamlılıqqa tárbiyalawda paydalanıw lazım.

Erteńgi keleshegimiz balalar. Olardıń hár biriniń den sawlıǵın bekkemlew hám jaslayınan den sawlıǵına kewil bóliw, olardı sap deneli, shaqqan, Watandı súyiwge tárbiyalaw, ata-ana, muǵallim tárbiyashınıń minnetli wazıypası.

**Ádebiyatlar:**

1. Абдурахманов Ф., Павлов Ш. – «Қол тўпи» (мусобақа қоидалар) Т. 1987 й.
2. Мирхайдаров Р. К., Абдурахманов Ф. А., Павлов Ш. К. –«Гандбол» правила соревнований.М-2004
3. Ниязов А. Т., Нажимов К. И., Ниязова О. Ю. - «Қол тобы жоқары оқыў орынлары студентлери ушын методикалық қолланба», Нөкис, НМПИ, 2000.